

Deklarasyon Dwa Pasyan

Antanke pasyan nan yon lopital nan Eta Nouyòk, ou gen dwa devan lalwa pou:

- (1) Konprann dwa sa yo, epi sèvi avèk yo. Si pou yon rezon kèlkonk, ou pa konprann oswa ou bezwen èd, lopital la OBLIJE ba w asistans, avèk yon entèprèt tou.
- (2) Resevwa tretman san diskriminasyon poutèt ras, koulè, relijyon, sèks, peyi kote w soti, enfimite, oryantasyon seksyèl, sous peman oubyen laj.
- (3) Resevwa swen sante avèk respè e konsiderasyon nan yon kote ki pwòp e san danje, san ankenn kontrent ki pa nesesè.
- (4) Resevwa swen dijans si w bezwen sa.
- (5) Konnen non ak pozisyon doktè ki pral responsab swen sante w nan lopital la.
- (6) Konnen non, pozisyon, ak fonksyon tout estaf lopital la k ap patisipe nan swen w, ak dwa pou refize tretman, egzamen oswa konsiltasyon nan men yo.
- (7) Yo mete w nan yon chanm kote moun pa fimen.
- (8) Resevwa tout enfòmasyon ou bezwen sou dyagnostik, tretman ak pwonostik sou sante w.
- (9) Resevwa tout enfòmasyon ou bezwen anvan ou bay yon konsantman eklere pou nenpòt pwosedi oswa nenpòt tretman yo pwopoze fè. Enfòmasyon sa yo dwe gen ladan tout risk ak tout benefis ki posib nan pwosedi a oswa nan tretman an.
- (10) Resevwa tout enfòmasyon ou bezwen anvan ou bay yon konsantman eklere pou lòd pou yo pa fè reanimasyon pou ou. Ou gen yon dwa pou deziyen yon moun tou pou bay konsantman sa a pou ou, sizoka ou twò malad pou bay li oumenm. Si w bezwen lòt enfòmasyon, tanpri, mande yon kopi tiliv ki rele “Deciding About Health Care — A Guide for Patients and Families.” (Desizyon sou Swen Sante — Yon Gid pou Pasyan ak Fanmi yo)
- (11) Refize tretman epi pou yo di w ki efè sa ka gen sou sante w.
- (12) Refize patisipe nan rechèch. Lè w ap decide si w dwe patisipe oswa pa patisipe, ou gen dwa pou yo ba w tout eksplikasyon.
- (13) Yo respekte entimite w pandan ou nan lopital la, ak konfidansyalite tout enfòmasyon ak dosye konsènan swen sante w.
- (14) Patisipe nan tout desizyon k ap pran sou tretman ak egzeyat ou nan lopital la. Lopital la oblije ba w yon plan egzeyat alekri, ansanm ak eksplikasyon alekri sou jan ou ka fè apèl kont desizyon pou egzeyate w lan.
- (15) Gade dosye medikal ou san ou pa bezwen peye. Resevwa yon kopi dosye medikal ou; lopital la ka chaje w yon frè rezonnab pou sa. Yo pa ka refize ba ou yon kopi poutèt sèlman ou pa gen mwayen pou peye.
- (16) Resevwa yon bòdwo detaye, ak eksplikasyon tout frè yo mande w peye yo.
- (17) Pote plent, san w pa pè reprezay pou swen ak sèvis w ap resevwa yo, epi fè lopital la reponn ou, e pou lopital la ba ou yon repons alekri si w mande sa. Si ou pa satisfè ak repons lopital la, ou ka pote plent nan New York State Health Department (Depatman Sante Eta Nouyòk la). Lopital la oblije ba ou nimewo telefòn Depatman Sante Eta a.
- (18) Otorize manm fanmi w ak lòt adilt ki pral resevwa priyorite pou vizit, selon kapasite w pou resevwa vizitè.
- (19) Fè konnen volonte w sou kesyon don ògàn. Ou kapab ekri volonte w nan yon manda pou swen sante oswa sou yon kat donatè ki disponib nan lopital la.